



### **Akademisyen Paul ANTOINE**

#### **Prezantasyon:**

Paul ANTOINE fèt 23 fevriye 1944 nan seksyon kominal Palmari, komin Rankit, depatman Nò peyi Ayiti. Paul Antoine se pwofesè nan Fakilte Etniloji ak Inivèsite Aristide ki nan Taba. Aprè li pran yon lisans nan sosyoloji ak antropoloji nan Université d'Etat d'Haïti (1978), Paul Antoine ta l kontinye etid siperyè li nan peyi Kanada kote li pran yon doktora nan komunikasyon (2004) nan Université de Montréal.

#### **Piblikasyon:**

Paul antoine pibliye plizyè liv ak plizyè atik nan jounal ak nan revi. Pami piblikasyon sa yo, nou ka site :

- *Nan Savann Dezole*, 2015
- *Comment rentrer au ciel sans laisser son corps*, 2009
- *Liberté d'expression et convivialité en Haïti*, 2008
- *L'analyse du discours*, 2000
- *Kò Moun*, 1998

#### **Angajman :**

Nan kad travay li fè pou defann oswa fè pwomosyon pou lang kreyòl la, nou jwenn domèn tankou :

- Rechèch
- Kominikasyon
- Antwopoloji

Se Enstiti Filozofi Pè Salezyen yo ki te pwopoze kandidati Paul ANTOINE kòm Akademisyen.